



Geni de Tou lè Jou


Balls and Ramps "Balon ak Ranp"

Gade **aktivite** sa nan chanèl YouTube.

Kisa ke ou bezwen:

Materyèl ke nou pral ba ou yo se sigjesyon e kapab ba ou enspirasyon pou panse kreyativman sou zouti ke ou gen lakay ou.

- Bwat katon
- Tib - papye sèvyèt, papye vlope, Pip PVC
- Nouy pou pisin, ensilasyon pip - coupe a mwatye, longè, nan yon liy ki long
- Vlope plastik, bwat ze, kim ki gwo, twal
- Gwo kontenè - Yogouy, avwan, kafe, bòl
- Varyete boul - Boul ki rebondi, boul ping pong, boul tennis, mab
- Jwèt adisyonèl pou woule - machin, ponpon, blòk ron
- Tep ki maske oubyen tep pou pentire



Kisa pou fè:

Eksperimante ak balon ak ranp kapab osi senp ke plase yon pyès papye katon nan yon pant e voye enpe balon woule desann. Pa anba nou gen de twa konsèy sou kijan ke ou kapab kòmanse e agrandi eksplorasyon'w.

- Boul ak ranp trè souvan menen a jwe aktif. Gade pou yon plas o zalan tou de lakay ou oubyen nan lakou'w ki ba'w espas pou deplase e ale dèyè boul yo.
- Bay ranp ou yo enpe wotè! Youn nan bagay ki pi enpòtan nan kreye yon ranp se pou kapan kòmanse wo pou fini pa anba. Bwat katon, mi, ak yon pyès founiti ki di tankou yon chèz oubyen yon tab kapab itil pou bati platfòm nan. Toujou fè an sòt ke pitit ou sèvi ak yon plas ki an sekirite e bay sipèvizyon adilt. Li kapab itil ou sèvi ak tep maske oubyen tep pou penti pou kapab kenbe ranp oubyen trak la an plas.
- Eksperimante ak materyèl de diferan teksti pou wè ki efè friksyon boul yo fè lè y'ap desann ranp lan. Vlope plastik, gwo pyès fom, e twal kapab yon bèl adisyon a ranp ak trak yo.
- Plase kontenè plastik yo, bòl plastik yo, oubyen papye bwat katon nan fen chemen an pou atrap balon an. Materyèl sa yo kapab trè bo lè ou mete yo anba yon chemen. Tib an papye katon kapab tounen tinèl.
- Nouy pou pisin ak ensilasyon pip kapab ede pou desine e bati system chemen ki pi konplèks. Materyèl sa yo kapab pi fleksib ke papye katon, lè ou pèmèt timoun ki pi gran pou kabap bati koub, ak loup. Tep maske oubyen tep pou penti ede chemen yo rete an plas men li fasil pou retire yo lè w'ap redesine chemen ou.

Bagay pou panse ak yo:

- Pratike fè prediksyonw e pataje obsèvasyon'w. Ki objè ke ou panse ap woule pi vit? Eske gen yon bagay ke ou kapab fè pou fè li woule pi dousman? Kisa ki kapab pase lè ou panche ranp lan pi wo? Kijan sa ap bouje?
- Desine e kreye chemen vle di ap genyen yon sèten montan echèk. Timoun ki pi gran yo kapab eksperyans travay a travè pwosesis desen enjenyè lè ou planifye, bati, teste, redesine, re-teste, e ale e ale.



Jwenn plis aktivite pou lakay ou nan <http://discoveryacton.org/discovery-home>.

978-264-4200 • 177 Main Street (Route 27) • Acton, MA 01720 • discoveryacton.org